



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OSPITALIZASYON POU COVID-19 NEW YORK YO BESE NAN CHIF PI BA YO DEPI 18 MAS

518 ospitalizasyon yè

13yèm jou dafile avèk to enfeksyon anba 1 pousan—0.74 pousan nan tèss COVID-19 yè yo te pozitif

Pasyan ICU yo koresponn ak bèss oparavan ki te 120—piba depi 16 mas

5 ka lanmò akòss COVID-19 nan Eta New York yè

SLA a ak Fòss Entèvansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan Egzijans Eta a nan 3 etablisman

Konfime 601 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 427,803; gen nouvo ka nan 44 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke ospitalizasyon pou COVID-19 Eta New York yo te bese nan 518—chif ki pi ba depi 18 mas. To enfeksyon 0.74 pousan yè yo te make 13yèm jou dafile avèk yon to enfeksyon anba 1 pousan. Chif sou pasyan COVID-19 ki nan Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) yo te bese nan 120, sa ki koresponn ak bèss oparavan Eta a depi 16 mas. Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Chif nouvo ka yo, pousantaj tèss ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Konba kontini Eta nou an kont COVID-19 te pran gwo travay ak disiplin nan men Nouyòkè yo, epi nou ap wè rezilta—yon nouvo bèss pou ospitalizasyon yo, 13 jou dafile avèk yon to enfeksyon anba 1 pousan ak yon adekwasyon ak bèss oparavan an pou pasyan ki nan ICU yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen vle aplodi Nouyòkè yo dèsske yo pratike konpòtman debaz yo—distans sosyal, lave men ak pote mask—sa fè yon diferans enòm nan kapasite nou pou ralanti pwopagasyon an, sove lavi ak mete to enfeksyon Eta a soti nan youn nan piwo pou rive nan youn ki pi ba nan nasyon an. Men kounye a se pa moman pou nou vini konplezan, epi gouvènman lokal yo dwe kontinye aplike direktiv Eta a epi Nouyòkè yo dwe rete vijilan fas ak yon kriz kontini nan tout peyi sa a ak nan tout monn lan."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1,230 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 3 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 1
- **Manhattan** - 2

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 518 (-30)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 62
- **Lopital Konte yo** - 28
- **Kantite ICU** - 120 (-11)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 62 (+2)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 74,406 (+78)
- **Kantite Lanmò** - 5
- **Kantite Lanmò Total** - 25,275

Sou 80,984 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 601, oswa 0.74 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	LENDI	MADI	MÈKREDI
Capital Region	0.8%	0.5%	0.6%
Central New York	0.6%	0.7%	0.3%
Finger Lakes	0.7%	0.6%	0.4%
Long Island	1.1%	0.9%	0.8%
Mid-Hudson	1.3%	0.7%	0.8%
Mohawk Valley	1.1%	0.4%	0.3%
New York City	1.1%	0.8%	0.8%
North Country	0.5%	0.1%	1.2%
Southern Tier	0.3%	0.6%	0.6%
Western New York	0.8%	1.4%	1.0%

Gouvènè a te konfime tou 601 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 427,403 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 427,403 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,684	9
Allegany	81	1
Broome	1,196	7
Cattaraugus	174	1
Cayuga	164	0

Chautauqua	275	3
Chemung	193	2
Chenango	219	1
Clinton	135	1
Columbia	560	1
Cortland	98	1
Delaware	109	1
Dutchess	4,721	11
Erie	9,283	42
Essex	85	22
Franklin	56	0
Fulton	305	0
Genesee	290	1
Greene	301	1
Hamilton	12	1
Herkimer	284	0
Jefferson	143	0
Lewis	47	0
Livingston	178	0
Madison	424	0
Monroe	5,256	15
Montgomery	190	1
Nassau	44,112	49
Niagara	1,547	3
NYC	231,288	273
Oneida	2,222	4
Onondaga	3,719	7
Ontario	373	2
Orange	11,292	10
Orleans	303	0
Oswego	276	2
Otsego	123	1
Putnam	1,468	2
Rensselaer	809	5
Rockland	14,089	22
Saratoga	802	2
Schenectady	1,143	10
Schoharie	69	0
Schuyler	23	0
Seneca	95	0
St. Lawrence	264	0
Steuben	307	0

Suffolk	44,353	48
Sullivan	1,495	1
Tioga	203	4
Tompkins	240	2
Ulster	2,113	7
Warren	313	0
Washington	264	2
Wayne	270	0
Westchester	36,586	23
Wyoming	120	0
Yates	59	0

Yè, te gen 5 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,275. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Albany	1
Essex	1
Herkimer	1
Manhattan	1
Orange	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)